



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK PIERLUISI AK MANM KONGRÈ TORRES ANONSE BIWO ADMINISTRASYON ZAFÈ FEDERAL PÒTORIKO NAN NEW YORK LA

***Biwo Vil New York la pral ede Pòtoriken yo jwenn dosye vital ki nesesè pou jwenn
aksè ak avantaj ak sèvis gouvènmantal yo***

Gouvènè New York la Kathy Hochul, Gouvènè Pòtoriko a Pedro Pierluisi, ak Manm Kongrè a Ritchie Torres anonse jodi a ouvèti yon Biwo Administrasyon Zafè Federal Pòtoriko nan New York la, ki pral ede Pòtoriken k ap viv nan New York ak nan eta ki antoure yo jwenn sètifica nesans, ak maryaj, ak lòt dosye enpòtan pi fasil ki nesesè pou jwenn aksè ak avantaj ak sèvis debaz gouvènmantal yo. Jiska kounye a, Pòtoriken k ap viv nan New York pa te gen okenn fason pou jwenn dosye sa yo lokalman epi yo te oblige vwayaje nan biwo Administrasyon Zafè Federal Pòtoriko nan Washington D.C., Orlando, Florida, oswa nan Pòtoriko pou rekipere yo.

"Kòm kay youn nan pi gwo popilasyon Pòtoriken nan Etazini, New York ap pran dispozisyon pou asire tout moun nan eta nou an kapab jwenn aksè ak pwogram, sèvis ak avantaj enpòtan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo biwo sa a pral ede soulaje fado pou jwenn dosye ak dokiman enpòtan pou Pòtoriken yo nan ak alantou New York, epi mwen remèsyé Gouvènè Pierluisi ak Manm Kongrè Torres pou patenarya yo pou pote resous sa a nan eta nou an."

"Akò sa a se yon lòt fason pou nou kontinye ranfòse lyen nou genyen ak frè ak sè Pòtoriken nou yo k ap viv nan New York, menm jan ak nou fè nan Florida a." **Gouvènè Pierluisi te deklare,** "Kidonk, nou kontinye amelyore opòtinite potansyèl pou echanj sosyal ak komèsyal ant de jiridiksyon nou yo epi ankouraje devlopman sosyo-ekonomik Pòtoriken yo isit la ak laba. Mwen vle remèsyé Gouvènè New York ki fèk re-eli a, onorab Kathy Hochul ak manm Kongrè a Ritchie Torres, ki reprezante 15èm Distri New York la. Tou de se gwo zanmi Pòtoriko."

"Jodi a nou kontan anonse re-ouvèti Biwo sèvis Pòtoriken an nan Bronx. Mwen fyè pou m travay avèk Gouvènè Hochul ak Gouvènè Pierluisi pou sèvi kominote Pòtoriken an nan Vil New York", **Manm Kongrè a, Torres, te deklare.** "Andeyò zile a, Eta New York gen pi gwo popilasyon Pòtoriken nan Etazini. Prezans biwo sa a non sèlman pèmèt rezidan Pòtoriken yo jwenn aksè ak dokiman enpòtan, men tou kreye yon espas pou konstwi relasyon ant dyaspora Pòtoriken nan Vil New York ak rezidan Pòtoriko aktyèl

yo. Apre siklòn Maria ak Fiona, plizyè milye Pòtoriken vin nan New York pou rekòmanse lavi yo apre yo fin pèdi tout bagay nan katastwòf natirèl yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak Gouvènè Pierluisi pou sipò yo pou fè sèvis enpòtan sa yo tounen nan New York."

PRFAA sèvi kòm alafwa yon biwo zafè eta-federal, ansanm ak yon ekstansyon sèvis gouvènmantal ofisyèl Pòtoriko yo. Li responsab pou ede rezidan Pòtoriken sou kontinental Ameriken an ak dokiman ki gen ladann sètifikasi nesans, maryaj ak lanmò; dosye ak identifikasyon chofè; ak sèvis apostil. Depatman Travay Eta New York la pral pwofite pwòp espas biwo pa I pou I bay yon espas biwo san lwaye pou etabli biwo a epi ede Pòtoriken nan New York ak eta ki antoure yo jwenn asistans yo bezwen. Dapre yon akò ak NYSDOL, PRFAA pral itilize espas biwo yo a ki nan 400 East Fordham Road nan Bronx.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "New York ak Pòtoriko gen yon istwa ki long nan sipòte youn lòt. Kit se katastwòf natirèl oswa bati sektè enèji vèt k ap pwospere, nou toujou la youn pou lòt. Mwen fyè dèské NYSDOL ka bay Administrasyon Zafè Federal Pòtoriko a yon biwo k ap ogmante aksè ak sèvis pou plizyè milye Nouyòkè Pòtoriken."

Pou plis enfòmasyon sou nouvo biwo a, vizite <http://www.prafaa.pr.gov/book>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418